



DÉCLARATION DU FORUM DU LEADERSHIP FÉMININ EN HAÏTI

Le leadership et la participation effective des femmes doivent être des priorités nationales.

Nous, participantes et participants au Forum du leadership féminin en Haïti, qui s'est tenu à Port-au-Prince, le 31 janvier 2025, affirmons que le leadership et la participation effective des femmes sont essentiels pour changer les paradigmes politique, social, économique, culturel et environnemental de notre pays renforcer la démocratie et construire un avenir inclusif, durable et prospère.

Nous croyons que la présence très marginale des femmes dans les sphères décisionnelles prive la République d'un potentiel décisif et qu'il y a urgence de réformer.

Nous appelons à un engagement national et international pour l'éducation, la formation, la valorisation et le renforcement des capacités et l'autonomisation financière des femmes. Une attention particulière doit être accordée aux filles, surtout celles issues des zones vulnérables, des communautés rurales, et les déplacés internes dans le contexte de crise humanitaire et sécuritaire actuel.

Nous insistons sur l'impératif de garantir une participation active et équitable des femmes dans tous les secteurs et dans tous les aspects de la gouvernance nationale et notamment dans le processus électoral sur le point d'être mis en branle, attendu que les élections constituent un élément déterminant dans le renforcement de la démocratie et de la cohésion sociale. Ce processus électoral doit être une opportunité unique de concrétiser les objectifs d'équité et de représentativité à travers l'élaboration d'un décret électoral qui doit comporter des dispositions sensibles au genre. Nous nous engageons à collaborer avec toutes les institutions concernées pour promouvoir un processus électoral inclusif, équitable et sécurisé pour les femmes.

Nous exigeons que l'article 17.1 de la Constitution de 1987 amendée qui reconnaît le principe du quota d'«au moins 30 %» de femmes à tous les niveaux de la vie nationale, particulièrement dans l'administration publique doit être pleinement appliqué et renforcé dans la perspective de la réforme constitutionnelle à venir. La locution « au moins », choisie par le législateur, invite à aller plus loin, à viser une parité complète de 50 %, plus proche de la démographie réelle de la société haïtienne. Nous plaidons pour que cet article soit soutenu par des mécanismes concrets afin de garantir une mise en œuvre efficace et durable. **Nous considérons** que c'est une exigence constitutionnelle de dépasser la limite des 30%, en intégrant des politiques plus ambitieuses et des mécanismes concrets pour atteindre la parité.

Nous encourageons la mise en place de programmes d'accompagnement en faveur des femmes, l'accès aux ressources et opportunités nécessaires pour les préparer aux responsabilités politiques et décisionnelles, la création des synergies et le renforcement des réseaux qui les encouragent à participer activement à la vie politique.

Nous soutenons que le combat contre les violences basées sur le genre, notamment les barrières systémiques, la violence politique et les contraintes culturelles, est extrêmement important et doit être continu. À ce combat doivent se greffer ceux pour une société plus inclusive, l'impulsion de politiques publiques en faveur des femmes, leur épanouissement professionnel, leur participation dans la politique, l'apport des nouvelles technologies dans leur bien-être.



PARCOURS D'EXCEPTION

Nous estimons primordial de garder en permanence un « foyer allumé » qui favorise des échanges d'expériences avec des femmes leaders ; de souligner la contribution exceptionnelle des femmes, tout le long de l'histoire, dans tous les domaines de la vie communautaire; de créer des pépinières pour demain ; de développer des discours et des savoir-faire qui ouvrent des perspectives aux femmes, de prévoir des mécanismes favorisant l'intégration des femmes de la diaspora ; de promouvoir un leadership féminin éthique et axé sur une culture d'excellence, de transparence et d'intégrité

Nous lançons un appel solennel aux femmes afin qu'elles se mobilisent pour réclamer et prendre leur juste place dans la construction de l'avenir d'Haïti ; Pour qu'elles participent pleinement au processus de dialogue national et aux prochaines élections que ce soit en tant qu'électrices, candidates, observatrices, leaders. Nous appelons aussi à l'intégration pleine et entière des femmes de la diaspora, dont les expertises et apports représentent une richesse inestimable pour le pays.

Nous réaffirmons notre engagement collectif à œuvrer aux côtés du Conseil Électoral, des institutions républicaines, des autorités, afin de promouvoir des élections inclusives, justes et pleinement représentatives des idéaux d'égalité et de démocratie, à plaider pour une administration publique équilibrée, un secteur privé soucieux de la parité, à travailler à la déconstruction des idées reçues qui tiennent trop souvent les femmes éloignées des affaires publiques ou limitent leur ambition à exercer certains métiers.

Nous invitons les hommes à devenir des alliés stratégiques et engagés du leadership féminin. Leur soutien actif aux initiatives favorisant l'autonomisation des femmes et leur pleine participation à toutes les sphères de décision est indispensable pour transformer durablement les dynamiques sociales, politiques et économiques. Nous devons construire ensemble une société plus inclusive, équitable et prospère, où chaque voix compte et chaque talent est soutenu et valorisé.

Nous exhortons les plus hautes autorités du pays et l'ensemble des forces vives de la nation – institutions publiques, secteur privé, universités, médias, société civile, partis politiques et partenaires internationaux – à travailler ensemble pour libérer pleinement le potentiel des femmes au bénéfice du développement d'Haïti.

Les femmes sont « l'autre moitié du développement »¹. L'avenir d'Haïti ne peut être bâti sans la contribution et la présence équitable des femmes dans toutes les sphères de décision.

Fait à Port-au-Prince, le 31 janvier 2025.

Au nom des participantes et participants du **Forum du Leadership Féminin en Haïti**.



¹ Mireille Neptune ANGLADE, *L'autre moitié du développement. À propos du travail des femmes en Haïti*. Port-au-Prince, Haïti : Les Éditions des Alizés & Erce, 1986, 261 pp. Préface par Andrée MICHEL.



PARCOURS D'EXCEPTION

DEKLARASYON FOWÒM LIDÈCHIP FANM AN AYITI

Lidèchip ak patisipasyon fanm yo dwe yon priyorite nasyonal.

Nou menm, patisipan ak patisipant nan Fowòm sou Lidèchip Fanm an Ayiti, ki te fèt nan Pòtoprens 31 janvyè 2025, deklare ak konviksyon ke lidèchip ak patisipasyon aktif fanm yo esansyèl pou chanje paradim politik, sosyal, ekonomik, kiltirèl ak anviwònmantral peyi nou, pou ranfòse demokrasi ak konstwi yon lavni enklizif, dirab ak pwospè.

Nou kwè ke prezans fanm yo twò minim nan espas desizyon yo, prive Repiblik la de yon potansyèl enpòtan, **e li ijan pou nou fè refòm.**

Nou mande yon angajman nasyonal ak entènasyonal pou edikasyon, fòmasyon, valorizasyon, ranfòsman kapasite ak otonomi finansye fanm yo. Yon atansyon espesyal dwe mete sou jèn fi yo, sitou sila ki soti nan zòn defavorize yo, kominote riral yo, epi sila ki deplase yo nan kontèks gwo kriz imanite ak sekirite peyi a ap viv kounye a.

Nou ansiste sou nesesite pou garanti patisipasyon aktif ak ekitab fanm yo nan tout sektè ak tout aspè nan gouvènans nasyonal la, e sitou nan pwosesis elektoral la ki sou wout pou lanse. Eleksyon yo se yon eleman kle pou ranfòse demokrasi ak kowòdinasyon sosyal. Pwosesis elektoral ki pral vini a a dwe yon opòtinite inik pou reyalize objektif ekite ak reprezantativite, atravè yon dekri elektoral ki dwe gen dispozisyon ki pran an pou fanm yo. Nou pran angajman pou nou kolabore ak tout enstitisyon ki konsène yo pou pwomosyon yon pwosesis elektoral enklizif, ekitab, epi sekirize pou fanm yo.

Nou egziye pou sa atik 17.1 Konstitisyon 1987 amande a di sou prensip kota 30% omwen fanm nan tout nivo lavi nasyonal la, sitou nan administrasyon piblik la respekte. Nou mande pou dispozisyon sa aplike ak tout fòs li epi pou li vin pi ranfòse nan kad refòm konstitisyonèl k ap vini an. Mo « omwen » ke lejislatè a itilize a ta dwe ankouraje nou ale pi lwen, pou n rive nan 50% parite, ki pi pre reyalite demografik sosyete ayisyèn nan. Nou mande pou gen on mekanis konkrè ki ka asire aplikasyon atik sa pou li ka li efikas ak dirab. Depase limit 30% la se yon obligasyon konstitisyonèl, ki dwe ale pi lwen nan mete sou pye politik pi anbisyè ak mekanis ki klè pou rive nan parite reyèl.

Nou mande pou mete sou pye pwogram akonpayman pou fanm yo, pou fasilite yo jwenn resous ak opòtinite ki nesesè pou prepare yo pou responsabilite politik ak desizyonèl yo. Se pou nou kreye sinèji ak ranfòse rezo ki ankouraje fanm yo pou yo patisipe aktivman nan lavi politik la.

Nou apiye tou batay kont vyolans ki fèt sou fanm, tankou: Baryè sistemik yo, Vyolans politik, Kontrent kiltirèl yo. Se yon konba ki dwe kontinye. Li dwe konbine ak tout efò pou kreye yon sosyete enklizif, pou ankouraje politik piblik an favè fanm yo, pou pèmèt yo flouri nan lavi pwofesyonèl yo, pou fasilite aksè yo ak nouvo teknoloji, ak pou garanti patipasyon yo nan politik la.

Nou konsidere li fondamantal pou nou kenbe yon "flanm limen" kote fanm lidè yo ka pataje eksperyans yo, kote nou mete an valè wòl esansyèl fanm yo nan listwa, kote nou ka devlope nouvo jenerasyon lidè ak fòmè fanm kap mennen demen.



PARCOURS D'EXCEPTION

Nou mande pou nou adopte mwayen ki ka favorize entegrasyon fanm dyaspora yo, e pou nou ankouraje yon lidèchip ki baze sou etik, ekselans, transparans ak entegrite.

Nou lanse yon apèl solanèl bay fanm yo pou yo mobilize, reklame ak pran plas ki pou yo nan konstriksyon lavni Ayiti. Fanm yo dwe patisipe aktivman nan dyalòg nasyonal la ak nan eleksyon kap vini yo, ke se kòm: ✓ Elektèz ✓ Kandida ✓ Obsèvatèz ✓ Lidè

Nou mande tou entegrasyon konplè fanm dyaspora yo, paske ekspertiz yo ak kontribisyon yo se yon richès inestimab pou Ayiti.

Nou reafirme angajman nou pou nou travay ak Konsèy Elektoral la, ak tout enstitisyon repibliken yo pou n pwomouvwa eleksyon enklizif, jis ak ki reflete valè egalite ak demokrasi. Nou pral kontinye plede pou yon administrasyon piblik ki balanse, pou yon sektè prive ki chèche parite, epi pou nou detwi prejije ki kenbe fanm lwen desizyon politik ak lavi piblik.

Nou ankouraje gason yo pou yo vin alye estratejik ak patnè angaje nan batay pou lidèchip fanm yo. Soutyen yo nan inisyativ ki ankouraje otanòm fanm yo esansyèl pou nou kapab chanje dinamik sosyal, politik ak ekonomik yo.

Nou dwe konstwi ansanm yon sosyete ki pi enklizif, ekitab ak pwospè, kote chak vwa konte epi chak talan jwenn sipò ak rekonesans.

Nou mande tout otorite ki pi wo nan peyi a ak tout fòs viv nasyon an – enstitisyon piblik yo, sektè prive a, inivèsite yo, medya yo, sosyete sivil la, pati politik yo ak patnè entènasyonal yo – pou nou travay ansanm pou nou libere potansyèl fanm yo pou devlopman Ayiti.

Fanm yo se “lòt mwayen devlopman an”². Ayiti pa ka konstwi avni li san patisipasyon ak prezans ekitab fanm yo nan tout espas desizyon yo.

Fèt nan Pòtoprens, 31 janvyè 2025.

Ònon patisipan ak zatisipant **Fowòm sou Lidèchip Fanm an Ayiti**.



² Mireille Neptune ANGLADE, *L'autre moitié du développement. À propos du travail des femmes en Haïti*. Port-au-Prince, Haïti : Les Éditions des Alizés & Erce, 1986, 261 pp. Préface par Andrée MICHEL.